

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Karya sastra nya éta karya seni anu digelarkeun ngagunakeun alat basa. Minangka karya seni, warnaning karya sastra téh diciptana salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis (Iskandarwassid, 1996:138).

Kecap *sastr*a sorangan asalna tina kecap Sangsekerta; *sas* jeung *tra*. *Sas* téh hartina ngarahkeun; ngajarkeun; ngawulangkeun; méré pituduh atawa paréntah; intruksi. *Tra* mangrupa kecap ahiran nu biasana nuduhkeun alat; pakakas; sarana (*device*). Jadi sastra téh hartina pakakas pikeun miwulang; buku pituduh; buku intruksi atawa buku pangajaran (Isnéndés, 2008:1).

Sacara umum wangun karya sastra teh dibagi jadi tilu bagian, nya eta (1) wangun lancaran (prosa), (2) wangun ugeran (puisi), (3) wangun paguneman (drama). Dumasar kana warnana, karya sastra anu kaasup wangun lancaran (prosa) di antarana: dongeng, sketsa, carita pondok, roman, jeung novel. anu kaasup wangun ugeran (puisi) di antarana: mantra (jangjawakan, singlar, asihan, jumpé, asihan), kakawihan, sisindiran (rarakitan, paparikan, wawangsalan), sair, pupuh, guguritan, jeung carita pantun. Sedengkeun anu kaasup kana wangun carita (drama) di antarana: sandiwara, opera, jeung gending karesmén (Iskandarwassid, 1996:135)

Sakumaha geus disebutkeun, karya sastra téh minangka bagian tina séni, ku kituna karya sastra téh mibanda sipat éndah (*dulce*), anu bisa méré kanikmatan ka anu macana. Tapi di sagédéngéun éndah, karya sastra ogé kudu mangpaat (*utile*) sangkan bisa méré kabagjaan ka anu macana.

Salian ti éta, karya sastra ogé moal leupas tina unsur atawa struktur pangwangunna, misalna waé téma, gaya basa, alur, plot, jsb. Kitu ogé carita pondok, minangka salah sahiji génré prosa tangtu ngandung unsur atawa struktur pangwangunna. Ngaliwatan struktur atawa unsur ieu, ahirna bakal ngawujud hiji carita pondok.

Nurutkeun Iskandarwassid (1996:153), anu disebut struktur dina karya sastra téh nya éta corak rakitan (susunan) komponén-komponén karangan nepi ka ngahasilkeun wujud karya sastra; gembleng tur boga ma'na.

Carita pondok nya éta karya (tinulis) rékaan atawa fiksi dina wangu lancaran, prosa naratip. Caritana rélatip basajan lantaran jumlah kajadian caritana henteu réa, museur kana hiji kajadian, mangrupa hiji “épisode”, palakuna ogé ngan ukur dua, tilu. Kulantaran kitu, carita pondok teh caritana rélatip pondok. umumna mah jejer, latar (*setting*), jeung kajadian carita teh diolah dina alam kiwari. Dina prosa upamana, kumaha ngaréka unsur-unsur téma, plot, latar, jeung tokoh nepi ka bisa ngawujud jadi novel atawa carita pondok (Iskandarwassid, 1996:113).

Kaitung ceuyah carpon-carpon nu sumebar dina hasanah kasusastraan Sunda. Umumna mah sumebar ngaliwatan majalah jeung surat kabar Sunda, anu nepi ka kiwari henteu robah. Upama aya buku kumpulan atawa antologi carpon anu medal, méh ampir kabéh carponna kungsi dimuat dina salahiji majalah atawa surat kabar.

Lian ti éta, carpon-carpon Sunda nu sumebar dina kalawarta atawa antologi carpon miboga *style* atawa gaya masing-masing, gumantung kumaha pangarang ngaréka atawa nyiptakeun éta carpon. Salah sahiji gaya anu diciptakeun ku pangarang nya éta, gaya humoris. Kaitung langka mémang pangarang-pangarang Sunda anu maké gaya humor dina nyiptakeun karyana. Sebut waé salah saurang diantarana nya éta Ahmad Bakri. Ieu pangarang remen nyélip-nyélipkeun humor dina karyana. Salah sahiji karyana anu ngandung gaya humor dina kumpulan carponna nya éta *Ki Merbot*.

Masarakat Sunda kawentar resep kana humor, kitu deui masarakat Indonésia umumna resep kana humor. Hal éta bisa dibuktikeun ku ayana acara-acara humor anu aya dina média éléktronik, hususna télévisi anu jaman kiwari mahabu pisan. Misalna waé Opera Van Java, Facebookers, Sketsa, Ekstravaganza, jrrd. Tapi anu jadi pasualan, saupamana nu dijadikeun média humorna lain télévisi, tapi buku, naha bakal resep? Kumaha deui, mun éta hal dikaitkeun jeung Julianus Fadhil, 2013

ASPÉK HUMOR DINA KUMPULAN CARPON KI MEREBOT KARANGAN AHMAD BAKRI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARPON DI SMP KELAS VII

pangajaran di sakola, naha siswa bakal resep macana? Éta hal tangtu kudu diluyukeun jeung kurikulumna.

Aya hiji kurikulum anu bisa ngawadahan atawa ngajawab patalékan di luhur, dina SKKD nyebutkeun yén carita pondok téh mangrupa salah sahiji bahan pangajaran anu dijadikeun pangajaran maca di sakola, hususna pikeun siswa di SMP kelas VII. Éta kurikulum téh bisa dilarapkeun dina prak-prakan diajar ngajar di kelas. Dina harti guru kudu bisa milih jeung nangtukeun bahan pangajaran maca carpon anu dijerona bisa dialih patalikeun jeung humor Sunda. Anu tangtuna bisa ngirut atawa nambahin minat siswa kana maca carpon.

Kalungguhan carita pondok (carpon) dina Standar Kompetensi Kompetensi Dasar (SKKD), ayana dina Kurikulum SMP kelas VII. Hal ieu aya dina kamampuh maca pikeun ngungkarakeun pikiran, kahayang, jeung rarasaan dina wangun carita pondok, laporan kagiatan, jeung resensi buku.

Nilik kana éta hal tangtu perlu diwanohkeun deui kumpulan carita pondok anu di jerona ngandung gaya humor ka para siswa. Salah sahijina nya éta kumpulan carpon nu judulna *Ki Merebot* karangan Ahmad Bakri.

Memang kaitung réa panalungtikan anu medar ngeunaan carita pondok ditilik tina rupa-rupa aspek. Panalungtikan anu ngaguar carpon dumasar tilikan struktur jeung ajén di antarana: Etty Hayati (2006) anu judulna “Analisis Struktur dina Buku Kumpulan Carita *Pondok Layung* karya Aam Amalia pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP”; Jaenudin (2007) anu judulna “*Carpon Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP kelas VII (Museur kana Tilikan Struktur jeung Ajén Moral)”; jeung Aép Saéfullah (2012) anu judulna “Ajén Atikan dina Kumpulan Carpon *Saenggeus Umur Tunggang Gunung* Karya Usep Romli H.M pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP”. Tapi hanjakalna nu nalungtik aspék humor dina kumpulan carpon sarta dijadikeun pikeun bahan pangajaran maca di SMP tacan aya.

Tina éta hal, tangtu perlu diayakeun panalungtikan kana ieu kumpulan carpon, ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Aspék Humor dina Kumpulan

Julianus Fadhil, 2013

ASPÉK HUMOR DINA KUMPULAN CARPON KI MEREBOT KARANGAN AHMAD BAKRI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARPON DI SMP KELAS VII

Carpon *Ki Merebot* Karangan Ahmad Bakri pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP Kelas VII”, perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.1.1 Watesan Masalah

Sangkan teu lega teuing, ieu panalungtikan baris diwatesan ukur maluruh struktur jeung aspek humor dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri anu disaluyukeun kana Standar Kompetensi (SK) salaku bahan pangajaran anu aya di SMP kelas VII.

1.1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carpon (téma, alur, tokoh jeung watek, jeung latar) dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri?
- 2) Aspek humor anu nyampak dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri?
- 3) Naha hasil analisis struktur jeung aspek humor dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri bisa dipaké pikeun bahan pangajaran maca di SMP kelas VII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan sacara umum dilaksanakeunana ieu panalungtikan téh nya éta pikeun maluruh tur ngaguar aspek humor anu nyampak dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karangan Ahmad Bakri sarta naha aspek humor ieu bisa dijadikeun pikeun bahan pangajaran maca carpon di SMP kelas VII.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

Julianus Fadhil, 2013

ASPÉK HUMOR DINA KUMPULAN CARPON KI MEREBOT KARANGAN AHMAD BAKRI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARPON DI SMP KELAS VII

- 1) struktur carpon (téma, karakter palaku, galur, latar, puseur sawangan, gaya basa, jeung amanat) dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri.
- 2) aspék humor anu nyampak dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri.
- 3) nyusun hasil analisis struktur jeung aspék humor dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP kelas VII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan, dipiharep:

1. pikeun kamekaran élmu, bisa jadi sumber référénsi utamana pikeun bahan pangajaran maca carpon di SMP kelas VII jeung bisa méré gambaran ka mahasiswa, hususna Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ngeunaan aspék humor anu aya dina buku kumpulan carpon.
2. pikeun lembaga kasundaan, bisa ngeuyeuban hasil panalungtikan sastra Sunda tur jadi dokuméntasi dina kamekaran sastra Sunda;
3. pikeun anu nalungtik, bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung wawasan; jeung
4. pikeun masarakat, ngeuyeuban pangaweruh sarta menangkeun informasi aspék humor anu nyampak dina buku kumpulan carpon karya Ahmad Bakri.

1.5 Anggapan Dasar

Ieu panalungtikan téh nyoko kana sababaraha anggapan dasar di antarana nyaéta:

1. kumpulan carpon nya éta salah sahiji karya sastra Sunda
2. aspék humor mangrupa salah sahiji unsur anu nyampak dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karya Ahmda Bakri.
3. kumpulan Carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri mangrupa salah sahiji bahan anu bisa jadi bahan panalungtikan dina hal pangajaran.

Julianus Fadhil, 2013

ASPÉK HUMOR DINA KUMPULAN CARPON KI MEREBOT KARANGAN AHMAD BAKRI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARPON DI SMP KELAS VII

1.6. Sistematika Penulisan

Sistematika penulisan dina ieu skripsi ngawengku lima bab, nya éta: Bab I bubuka, medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, métode panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika penulisan; Bab II ngeunaan kajian tiori tina ieu panalungtikan, medar ngeunaan carita pondok, humor, maca, jeung bahan ajar; Bab III Métodologi Panalungtikan nu dipake dina ieu skripsi nu medar ngeunaan desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, instrumén panalungtikan jeung sumber data; Bab IV ngadeskripsiéun hasil tina panalungtikan, diantarana waé pembahasan ngeunaan struktur carpon, analisis aspék humor dina carpon, jeung bahan pangajaran maca carpon pikeun siswa SMP kelas VII; Bab V ngeunaan kacindekan.

Julianus Fadhil, 2013

ASPÉK HUMOR DINA KUMPULAN CARPON KI MEREBOT KARANGAN AHMAD BAKRI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARPON DI SMP KELAS VII